

BAB 1 **BUBUKA**

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa hasil daya imajinatif manusa dina jero pikiran pangarangna. Dina kahirupan karya sastra, salian jadi hiburan pikeun nu macana, ogé bisa jadi bahan pangajaran ngaliwatan bacaan-bacaan anu miboga ajén-inajén nu aya disatukangeunna. Karya sastra téh teu bisa leupas antara unsur seni jeung basa. Karya Sastra ogé bisa disebut seni dina ngolah basa. Basa gedé pangaruhna pikeun kalumangsungan karya sastra. Dina ngaéksprésikeun rasa kajiwaan jeung pamanggihna, nalika nyieun karya sastra pangarang ngagunakeun média basa pikeun némbongkeun ka balaréa. Pangarang kudu parigel milih kekecapan sangkan éksprésina bisa kagambar tur katangkep ku nu maca. Prosés kréatif pangarang dina ngedalkeun éksprésina bisa diwadahan dina wangun tulisan atawa lisan. Éta hal saluyu pisan jeung pamadegan Isnendes (2010, kc. 11) nu nétélakeun yén sastra minangka produk tina prosés kréatif anu taya lian mangrupa éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana boh lisan boh tinulis. Éta betusan-betusan rasa anu ahirna jadi sastra téh diwadahan ku wadah anu dianggap merenah ku sastrawan, nyaéta dina wangun prosa, puisi, atawa (naskah) drama.

Dina sastra Sunda aya papasingan anu diwengku ku wangun, warna, jeung wanda. Wangun mangrupa klasifikasi dumasar kana gunggungan wujudna. Warna nyaéta klasifikasi dumasar kana période mangsa atawa waktu gelarna karya sastra. Wanda nyaéta klasifikasi dumasar kana média anu dipaké pikeun nepikeunana. Wangun karya sastra Sunda téh aya tilu nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Prosa nyaéta karangan hasil daya imajinatif manusa maké rakitan basa sapopoé, lancar, tur teu maké intonasi nu matok. Puisi nyaéta hasil daya imajinatif manusa anu kauger ku wangun jeung diksi, dirakit pinuh ku wirahma, sarta ungkara kalimahna henteu lancar. Sedengkeun drama nyaéta karangan hasil daya imajinatif manusa midangkeun carita anu ngalalakon dina wangun dialog, pikeun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama (Isnendes, 2010 kc 25-74).

Nurutkeun Sumardjo jeung Saini K.M (1988, kc. 29) prosa atawa prosa naratif téh dina hakékatna dibagi jadi tilu gendré, nyaéta novél atawa roman, carita pondok, jeung novélét (novél pondok). Tiluanana miboga unsur-unsur anu sarua, ngan takeranna anu béda-béda. Novél mangrupa karya sastra winangun prosa dina

ukuran anu lega. Ukuran lega anu dipikamaksud bisa dihartikeun yén novél téh miboga plot jeung galur carita anu kompléks, karakterna réa, témana euyeub, suasana carita jeung *setting* caritana anu loba wandana. Tapi legana carita téh teu mutlak kawas kitu, bisa waé anu lega téh ngan ukur salah sahiji dina unsur fiksina hungkul, saupamana dina témana, sedengkeun dina suasana, *setting*, karakter, jeung galurna ngan hiji.

Dina prosés kréatif nyieun hiji karya sastra, hususna novél, pangarang biasana ngasupkeun unsur-unsur anu miboga ajén luhur dina kahirupan manusa. Ajén-ajén éta téh teu leupas dina ngaguluyurna carita anu diperankeun ku hiji tokoh. Sangkan dina caritaan bisa hirup, ku kituna pangarang ngasupkeun karakter dina unggal tokoh anu diasupkeunana, karakter ieu téh teu leupas dina ngajanggélékna pasipatan-pasipatan manusa nu aya di alam dunya. Dina pamilihan jeung ngawangun tokoh, pangarang bisa ngulinkeun daya kréativitasna pikeun ngébréhkeun eusi haté jeung pamikiranna (Rakhman, 2013, kc. 2).

Potrét kajiwaan para palaku nu aya dina karya sastra anu dijieun ku pangarang salian ti ngawakilan jiwa ti pangarangna éta sorangan, ogé bisa jadi ngawakilan jiwa nu séjénna, dina ieu perkara téh maksudna pamaca. Teu saeutik pangarang anu ngasupkeun caritaan anu kaalaman ku manéhna, ogé kaalaman ku nu séjén. Aya ogé pangarang anu nyaritakeun pangalaman-pangalaman batur (Minderop, 2016, kc. 59).

Tokoh nu aya dina karya sastra tangtu waé miboga unsur-unsur kajiwaan atawa psikologis. Dina enas-enasna unsur ieu téh nu bisa mangaruhan jalan carita dina hiji karya sastra. Ku kituna teu salah saupama aya analisis ngeunaan psikologi tokoh dina karya sastra, pamarekan éta téh disebut psikologi sastra. Numutkeun Ratna (dina Minderop, 2016, kc. 54) yén hakékatna psikologi sastra téh méré panitén masalah unsur kajiwaan kana tokoh-tokoh fiksional dina karya sastra. Psikologi lahir pikeun nganalisis atawa ngamutolaah ngeunaan kajiwaan manusa, sedengkeun karya sastra téh hasil karya jeung cipta manusa dina karancagéan pamikiran anu ngalibetkeun tokoh pikeun ngigelan caritaan anu dijieuna.

Aya tilu cara pikeun mikanyaho kumaha patalina antara psikologi jeung sastra, nyaéta: a) mutolaah unsur-unsur kajiwaan pangarang salaku anu nyiptakeun karya sastra; b) mutolaah unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh fiksional anu aya dina karya

sastra; jeung c) mutolaah unsur kajiwaan pamaca. Psikologi sastra leuwih nyoko kana masalah nganutolaah unsur-unsur kajiwaan anu aya dina tokoh-tokoh fiksional karya sastra (Ratna, 2013, kc. 343).

Ku ayana patula patali antara psikologi jeung karya sastra anu ngalibetkeun unsur tokoh jeung penekohan, dirasa merenah saupama novél dianalisis sacara psikologis, lantaran euyeub ku unsur tokoh jeung penekohanana. Salian ti éta dina novél ogé euyeub pisan unsur kajiwaan anu nyangkaruk dina tokoh-tokohna. Ku kituna merenah pisan saupama diayakeun panalungtikan ngeunaan karya sastra wangun prosa, hususna novél anu judulna *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Ieu analisis maké pamarekan psikologi sastra. Ieu pamarekan suméndér kana tiori *Sigmund Freud* anu leuwih nyoko kana nganalisis tokoh tur penokohan dina karya sastra dumasar kana tiori tur hukum-hukum psikologi anu ngébréhkeun paripolah sarta karakter manusa (Wiyatmi, 2011, kc. 107). Sangkan ngarojong panalungtikan ieu, novél anu ditalungtik saacan diulik ku psikologi sastra, diulik heula ku tiori struktural *Robert Stanton*.

Aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan dumasar kana pamanggih panulis, nyaéta nganalisis maké pamarekan psikologi sastra jeung objék panalungtikan anu témana sarua, di antarana aya “Tokoh Novél *Pipisan* Karya RAF (Kajian Psikologi Humanistik)” ku Gugun Dedi Guntara (2008), “Ulikan Psikologis dina Novél *Budak Teuneung* Karangan Samsudi pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP” ku Rida Lela Meiwindra (2011), “Novél *Patepung di Bandung* Karangan Taufik Faturohman: Tilikan Psikologi Sastra” ku Suci Sarifah Muda’im (2013), “Pakeman Basa Wanda Kekecapan dina Novél *Diarah Pati* Karya Margasulaksana Pikeun Bahan Ajar Pakeman Basa Di SMA” ku Neng Novi Mardiyanti (2018), “Kalimah Salancar Jembar dina novél *Laleur Bodas* Karangan Samsudi (Ulikan Struktur jeung Semantik)” ku Wanda Djulistiana Wiguna Mukti (2018), “Ulikan Struktural jeung Psikologis kana Novél *Sripanggung* Karya Tjaraka Rany Mahardhi” ku Utami Tedjo (2015), “Aspék Kepribadian tokoh Utama dalam Kumpulan Cerpen *Jurig Paséa* jeung *Nyi Karsih* Karya Tini Kartini” ku Gita Kurnia Dewi (2019), “Pendidikan Karakter dalam Naskah Gending Karesmen *si Kabayan jeung Raja Jimbul* Karya Wahyu Wibisana (Kajian Struktur dan Psikologisastra)” ku Sanjani Rahimakumulloh (2015), “Novel-novel Sunda Yang

Terbit Tahun-2013 (Pendekatan Struktural dan Psikologi Sastra)” ku Dini Nurfaejrin Ningsih (2015), jeung “Naskah Drama *Hutbah Munggaran di Pajajaran* Karya Yus Rusyana (Kajian Struktural dan Semiotik)” ku Farhan Mustaqim (2019).

Sanajan ieu panalungtikan téh sawanda jeung panalungtikan anu geus disebutkeun, tapi dina enas-enasna aya nu béda, nyaéta karya sastra anu dianalisisna jeung ambahan dina nganalisisna. Dina ieu panalungtikan subjékna nyaéta novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Analisisna nyoko kana tiori struktural Robert Stanton jeung psikologi sastra Sigmund Freud.

Nganalisis jeung nganutolaah novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana maké pamarekan struktur jeung psikologi sastra mangrupa salah sahiji tarékah pikeun nyumponan pangabutuh masarakat dina hal pamahaman karya sastra jeung bisa ngeuyeuban pangaweruh pamaca dina widang kritik sastra minangka aprésiasi karya sastra hususna dina pasualan watek tokoh. Alatan kitu, hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ka pamaca dina hal pentingna tokoh utama dina novél, ogé jadi rawayan pikeun ngantengna hubungan antara sastrawan katut cipta karsana jeung masarakat pamaca.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Novél mangrupa karya sastra wangun prosa anu miboga unsur-unsur pangwangunna. Tokoh jeung penokohan mangrupa salah sahiji unsur pangwangunna anu bisa dianggap pangpentingna. Sok komo upama ditilik tina pamarekan psikologi sastra anu neundeun puseur implengan kana unsur kajiwaan dina tokoh-tokohna.

Istilah psikologi sastra miboga opat kamungkinan sakumaha anu diébréhkeun ku Renne W & Austin W (1989, kc. 90), nyaéta: (1) studi psikologi pangarang salaku tipe atawa pribadi; (2) studi prosés kréatif; (3) studi tipe jeung hukum-hukum psikologi anu dilarapkeun kana karya sastra; jeung (4) studi psikologi pamaca. Dina ieu panalungtikan, leuwih nyoko kana aspék anu katilu, nyaéta studi tipe jeung hukum-hukum psikologi anu dilarapkeun kana karya sastra.

Sabada diidéntifikasi, masalah anu baris ditalungtik dirumuskeun dina kalimah tanya ieu dihandap:

1. Kumaha unsur-unsur sastra nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana?;

2. Kumaha kondisi psikologis tokoh dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan luyu jeung kasang tukangna, nyaéta pikeun nyumponan pangabutuh masarakat dina hal pamahaman karya sastra jeung bisa ngeuyeuban pangaweruh pamaca dina widang kritik sastra minangka aprésiasi karya sastra hususna dina pasualan watek tokoh dina karya sastra. Salian ti éta, tujuan ieu panalungtikan téh sangkan jadi media dina prosés kréatif masarakat nyieun karya, hususna sastra wangun prosa.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

1. Unsur-unsur sastra nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana.
2. Kondisi psikologis tokoh dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun hiji référénsi pikeun ngeuyeuban karya kritik dina hasanah kasusastraan Sunda. Salian ti éta ogé bisa dijadikeun hiji acuan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar deui.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa dimangpaatkeun salaku hiji média informasi dina raraga nambahan pangaweruh hususna masarakat pamaca, boh masarakat biasa boh masarakat kalangan akademis, sakumaha anu diébréhkeun dina kasang tukang ieu panalungtikan nyaéta pikeun jadi salah sahiji rawayan anu ngantengkeun hubungan antara sastrawan katut cipta sastrana jeung masarakat pamaca dina hal pamahaman karya sastra. Éta hal luyu jeung salah sahiji fungsi kritik sastra, nyaéta pikeun nyaangan pangaweruh masarakat, hartina kritik sastra bisa ngabéjérbéaskeun hiji gunggung karya sastra tur masarakat umum bisa nyokot mangpaat kritik sastra pikeun pamahaman jeung aprésiasi kana karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Anapon sistematika panalungtikanna nyaéta:

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta sistematika tulisan.

Bab II ngawengku tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan sarta kalungguhan masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Dina ulikan pustaka, tiori-tiori nu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah nu keur ditalungtik. Salian ti ayana tiori-tiori nu ngadadasaran dina bab II ogé kudu aya pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan tioritis panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab III ngawengku métode panalungtikan nu diwincik deui jadi desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV ngawengku hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina bab II.

Bab V eusina mangrupa kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Implikasi mangrupa mangpaat dina hasil panalungtikan. Saran atawa rékoméndasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik liana nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.